



# ASISTANS ak ATELYE SOU ENTÈNÈT

## Konsènan Asistans lan

Si ou gen kesyon sou kourikoulòm, entèvyou, chèche travay ak [LinkedIn](#), oswa sou sit entènèt [Employ Florida](#) la, nou la pou ede w! Rele nan (954) 828-0229 ant 9 a.m. – 3 p.m. depi Lendi jiska Vandredi pou pale ak youn nan pwofesyonèl mendèv prive nou yo pou jwenn èd. Asistans sa a la pou ogmante opòtinite pou ou jwenn travay lefètke yo ede ou fè yon kourikoulòm pwofesyonèl, kap fè ou fè siksè nan rechèch travay la, prepare w pou entèvyou epi, aprann ou sèvi ak sistèm [Employ Florida](#) a.

## Atelye Sou Entènèt

Pou ba w plis èd, [CareerSource Broward](#) ofri Atelye vityèl. Aktyèlman yo bay inèdtan Atelye sa yo ke yo antanke emisyon entèaktif an dirèk sou entènèt a lèd platfòm entènèt Zoom nan. Pou wè dat/lè yo epi pou ou enskri w, tanpri ale nan: [www.careersourcebroward.com/career-seekers/events](http://www.careersourcebroward.com/career-seekers/events).

*Men kèk egzanp sou pakèt Atelye nou ofri yo:*

### Preparasyon Kourikoulòm

Nan Atelye sa a, wap gen konesans sou diferant kalite kourikoulòm, ansanm ak enpòtans pou ou sèvi ak mo kle nan Kourikoulòm ou an ak kisa administratè anbochaj yo plis bay atansyon. Sijè Atelye yo gen ladan yo: chwa ak avantaj kalite kourikoulòm yo genyen, enpòtans mo kle yo genyen epi, prezantasyon konpetans ou genyen nan yon kourikoulòm.

### Konpetans pou Resevwa Antèvyou nan Telefòn

Dekouvri fason ki pi efikas pou ou fè pwomosyon pou tèt ou epi montre konesans ou yon fason pwofesyonèl poutèt pou ou jwenn rezilta ou vle. Sijè reyinyon yo gen ladan yo: ekzamine kesyon entèvyou ki komen yo, fè pwomosyon pou pwòp mak pa w, fè rechèch sou konpayi yo pou bay yon enpresyon ki pozitif.

### Teknik sou Entèvyou nan Videyo

Aprann epi konprann kòman pou fè entèvyou nan videyo ak kisa ou dwe atann sou platfòm yo toujou itilize pou fè entèvyou yo pa egzanp [Hirevue](#)®, [Jobvite](#)®, [VidCruiter](#), elatriye. Wap resevwa konsèy ak teknik sou fason pou ou reyisi nan yon entèvyou nan videyo.

Pou plis enfòmasyon sou atelye vityèl [CareerSource Broward](#) ofri yo, ale nan [www.careersourcebroward.com/career-seekers/onlineworkshops](http://www.careersourcebroward.com/career-seekers/onlineworkshops).

Pran kontak ak nou nan:

